

AYITI VA BÈL LÈ N ANTERE NEGATIVITE YO

Emmanuel W. Védrine



E. W. Védrine Creole Project

AYITI VA BÈL ...

lè n antere **al lekòl sèlman** san yon *edikasyon pratik* pou ede tèt nou e Ayiti
lè n antere **analfabetis** pou n plante *alfabetis e edukasyon gratis* pou tout moun
lè n antere **ansyènte** pou n adopte *modènite*
lè n antere **blakawout** pou n plante *limyè*
lè n antere **blòf** pou n asepte *verite, senserite*
lè n antere **chita twòp** pou n adopte *brase, okipe*
lè n antere **debwazman** pou n adopte *rebwazman*
lè n antere **dechouke** pou n aprann *konstwi, plante, kreye*

lè n antere **dekourajman** pou kiltive *ankourajman*
lè n antere **derespekte** lòt pou n anbrase *respekte* tout moun
lè n antere **detwi** pou n plante semans *kreye, konstwi*
lè n antere **edikasyon akayik** pou n adopte *edikasyon modèn*
lè n antere **egoyis** pou n plante semans *pataje*
lè n antere **enpòte** sèlman pou n konsidere *ekspòte*
lè n antere **ensekirite** pou n plante *sekirite* tout kote
lè n antere **esklavay ti restavèk** pou n libere tout *timoun*
lè n antere **fatra** pou n plante *pwòpte*
lè n antere **grate santi** pou n plante *travay di*
lè n antere **hèn** pou n plante *lanmou, renmen*
lè n antere **jalouzi** pou n plante *patenarya, travay an konbit*
lè n antere **kidnaping** pou n plante *liberasyon*
lè n antere **konpleksite** pou n plante *fleksiblite*
lè n antere **konsome sèlman** pou n adopte *aprann fè, aprann devlope*
lè n antere **kraze** pou n plante *envante, kreye, konstwi*
lè n antere **kritike sèlman** pou n aprann *fè, kreye*
lè n antere **magouy** pou n adopte *onètete*
lè n antere **maji pou detwi lòt** pou plante *prezans bondye nan lavi n*
lè n antere **mandyansite** pou n aprann, *envesti, devlope, kreye, travay*
lè n antere **medyokrite** pou n anbrase *pèfeksyon*
lè n antere **mefyans** pou n aprann devlope *konfyans*
lè n antere **mepri pou sa k pa nou** pou n pa sèlman *apresye pa zòt*
lè n antere **mizè** pou n plante semans *abondans ak richès*
lè n antere **pale anpil** pou n plante *aksyon san fè bri*
lè n antere **parès** pou n anbrase *travay di*
lè n antere **politik soudevlopman** pou n adopte *politik devlopman*
lè n antere **povrete** pou n aprann kreye *richès*
lè n antere **rayi** pou n plante *renmen*
lè n antere **reta** pou n plante *rapidite*
lè n antere **salte** pou n adopte *pwòpte, bèlte*
lè n antere **sispann tann zòt vin fè** pou n plante *aprann fè*
lè n antere **sotiz** pou n plante *edikasyon ak sajès*
lè n antere **soudevlopman** pou n plante *devlopman*
lè n antere **wont** sa nou ye pou n plante *fyète n te pèdi.*

Koleksyon | Collection «Kri pou liberasyon : Cry for iberation»
5 jiyè 2022 © E. W. Védrine

* * *

Courtesy : Koutwazi
E. W. Védrine Creole Project, Inc. (1992)
Boston, Massachusetts. USA

*